

WUA YO NAN

MATISAN

etnografi yo nan transformasyon an




« Lè'm te al' fè yan ti chita, yo te mande'm pou kisa mwen t'ap fè foto yo. Mwen te di yo : "Bon, mwen menm, foto sa m'ap fè'l paske nou menm fotograf, nou pase isit, lòt lò. N'ap chache travay ki pozitif, ki negatif nan zòn nan". Youn di mwen : "Wi, bon, m'ta renmen ou fè foto mwen tou!" »

« Quand je me suis assis tout près d'eux, ils m'ont demandé pourquoi je prenais leur photo. Je leur ai dit : "Bon, nous les photographes, nous avons l'habitude de nous balader par-ci, par-là pour chercher les histoires positives et négatives de la zone." L'un d'eux m'a dit : "Oh oui! J'aimerais que tu me prennes aussi une photo!" »

LES VOIX DE MARTISSANT

ethnographies de la transformation



ENTWODIKSYON

yon ti liv sou Matisan

Avan san dènyè lane ki sot' pase yo, Matisan te yon kote ki te tou vèt tèlman li te gen pyebwa. Li te gen gwo pyebwa epi moun nan zòn nan te konn plante pitimi, manyòk, elatriye. Pandan plis ke dis dènyè lane ki sot' pase yo, fil moun ki vin rete nan zòn ki tou pre Pòtoprens yo vin fè zòn sa yo tounen yon katye kote anpil moun ap viv. Yon katye ki nan kapital peyi a e ki gen chanjman tout tan.

Chanjman sila yo fèt san rete. Se poutèt sa moun ki'ap viv nan zòn nan mete tèt yo ansanm ak òganizasyon yo pou amelyore kondisyon moun ap viv nan Matisan. Se nan kontèks transfòmasyon sa a ke Gret mande Spora yon ankèt sosyal. Objektif misyon sa a rete pou idantifye e klase kik chanjman ki fèt nan Matisan, prensipalman nan sa moun nan zòn nan panse, sa vle di abitan zòn nan.

Pou reponn ak demand sa a, ekip Spora a te devlope yon seri teknik avèk aktivite, ki te toujou reyalize avèk moun nan zòn nan : etnografi sitwayen, « happenings de rues », obsèvasyon patisipan yo, antretyen yo ak gwoup diskisyon yo.

Se avèk manda sa a ke ekip Spora te travay avèk kenz (15) sitwayen ak sitwayèn nan Matisan ke yo chak la resevwa yon kamera pou yo fè foto epi yo tou vin tounen etnograf ki'ap travay sou listwa yon katye. E se rezilta travay etnograf sa yo ke ou genyen nan men ou a kounye a.

Chak sitwayen etnograf sa yo monte desann nan katye lakay li epi li fè anpil foto. Li fè foto tout sa li ta renmen wè yo chanje nan katye a, epi tout sa ke yo gen tan chanje e ke moun yo apresye. Tout sa ki fè fyète moun yo. Misyon yo se te pou yo te fè 10 foto pozitif ou 10 bagay ki bon pou zòn nan ak 10 foto negatif ke yo ta renmen chanje nan zòn nan.

Yon fwa ke woulo fim nan devlope, nou te rive jwenn 132 foto pozitif epi 125 foto negatif ke nou te ranje yo pa rektè. Imaj final yo te chwazi paske plizyè etnograf yo te fè menm foto sa yo, yo te, pa konsekans, imaj ki pi vizib epi yo fè pati transfòmasyon ke tout moun nan zòn nan panse ou imagine.

Alò men kaye ou dokiman ke etnograf yo nan Matisan pwodwi, ki montre transfòmasyon katye a nan je yo ki rakonte sa yo menm ak vwa yo.

INTRODUCTION

un livret de Martissant

Martissant était, il y a presque cent années, un paysage vert, plein de grands arbres et quelques cultures de petit-mil, maïs et manioc. Dans les dernières décennies, la grande expansion démographique de l'aire métropolitaine de Port-au-Prince a converti ces lieux en un quartier très peuplé de la capitale haïtienne, qui est en transformation permanente.

Cette transformation ne s'arrête jamais car les habitants du quartier, ensemble avec des organisations qui y travaillent, réalisent toutes sortes d'actions pour améliorer les conditions de vie à Martissant. C'est dans ce contexte de transformation que le Gret a demandé une enquête sociale à Spora. L'objectif de la mission consistait à identifier et qualifier les principaux changements intervenus dans Martissant, principalement du point de vue des usagers du quartier, à savoir les habitants.

Pour répondre à cette demande, l'équipe de Spora a développé certaines techniques et activités, qui avaient en commun le fait que les participants étaient toujours les habitants du quartier : ethnographie citoyenne, happenings de rue, observation participante, entretiens et groupes focaux.

C'est avec ce mandat que l'équipe de Spora a travaillé avec quinze citoyens et citoyennes de Martissant qui ont reçu chacun un appareil photo, pour devenir eux-mêmes des ethnographes de quartier. Et c'est le cahier de bord de ces ethnographes ce que vous avez maintenant entre vos mains.

Ces ethnographes citoyens ont parcouru leur propre quartier et ont établi un registre visuel. Ils ont capté les principaux éléments qu'il faudrait transformer dans le quartier, ainsi que des transformations qui sont déjà réalisées et qui sont vues d'une manière positive, et parfois même montrées avec de la fierté. Leur mission était de faire 10 photos des transformations positives et 10 photos des éléments négatifs à transformer dans le quartier.

Une fois les pellicules développées, on a réussi à avoir 257 photos (132 positives et 125 négatives), lesquelles ont été catégorisées par secteurs. Les images finales ont été sélectionnées parce qu'elles étaient prises de manière réitérée par différent(e)s ethnographes ; elles sont, en conséquence, les images les plus significatives, et elles font partie de l'imaginaire collectif de la transformation du quartier.

Voilà ainsi le cahier de bord de ces ethnographes de Martissant, qui montre la transformation du quartier à travers leurs regards et qui est racontée par leurs propres voix.

Kay ki tonbe. Kay kraze sa n'ap gade la gen moun ki rete ladan'l. E li ka tonbe ak tout moun yo pandan yo ladan nan. E si li ta tonbe li t'ap tonbe sou lòt kay la, li t'ap touye plizyè moun.

Effondrement. Il y a des gens qui habitent dans la maison en ruine que nous sommes en train de regarder.

Elle risque de s'effondrer avec ses habitants et si cela arrivait elle tomberait sur une autre maison, tuerait plusieurs personnes.



Bidonvil. Foto sa plis gen rapò avèk kay ki mal konstri yo, an patikilye ak poto pilòn yo. Gwo fil wot tansyon yo pase kote moun yo konstri kay yo, anba poto pilòn sa yo. Moun yo pa panse ak pil danje ke sa reprezante pou yo.

Bidonville. C'est une photo qui montre les constructions anarchiques, précisément les pylones, où les fils à haute tension passent à l'endroit où sont construites les maisons d'habitation. Les gens ne réfléchissent pas au danger que ça peut représenter pour eux.



Glisman. Sa se yon tèt mòn e ke moun yo konstri sou li. Jan ou wè tèt mòn nan, la gen deboulman teren. Moun yo konstri sou tèt mòn nan e konn gen kay ki tonbe. Leta pa fè travay li. Li toujou kite moun yo konstri menm kote a. Epi konstriksyon yo anachik.


Glissement. Il s'agit de la crête d'une colline et les gens ont construit leurs maisons dessus. Quand on regarde la crête de la colline, on voit qu'il y a des glissements de terrain par ici.

Il y a même eu des maisons qui sont tombées, qui ont dégringolé. L'État ne joue pas son rôle, parce que les gens continuent à construire leur maison au même endroit. Il s'agit bien de constructions anarchiques.



ABITA

habitat



Bon konstriksyon. Gen de merye ki ap travay. Mwen t'ap gade yon bòs, yon granmoun ki t'ap poze de grenn blòk. Travay sa yo se bon travay yo ye paske si kay bòs yo rete a pa bon, yo kraye li, yo refè li pou yo rete.

Bonne construction. Sur la photo, on peut voir qu'il y a deux hommes qui travaillent. J'ai regardé l'un des ouvriers, un homme assez âgé en fait...il était en train de poser quelques blocs. Ce genre de travail est positif parce que les ouvriers peuvent réparer leur maison si celle-ci est endommagée.



Machann. Sa se yon machann ki'ap vann tout bagay moun bezwen pou fè legim. Men gen moun ki achte fèy nan men'l, ki pa sonje lave fèy la pou retire mikwòb ladan. Machann nan ap vann atè, bò lari a. E pa gen okenn moun ki di li : « Madanm, kote w'ap vann nan pa bon. Ou pa dwe chita la ».

Marchandes. Ici, il s'agit d'une marchande qui vend différents types de légumes. Certaines personnes achètent des légumes et oublient de les laver ensuite pour enlever les microbes. La marchande vend ses produits au sol, tout près de la rue. Et pourtant, personne ne lui a dit : « Madame vous ne devriez pas vous installer ici pour vendre vos produits ».

Min sab. Sa se nan min sab la, yon min ke y'ap eksplwate tout la sent jounen. Se vre mwen konnen ke yo itilize sab pou konstwiksyon, men se kondisyon eksplwatasyon yo ki poze pwoblèm. Min sa gen tan gen anpil moun ki mouri ladan.



Mine de sable. Ceci est la mine de sable, une mine qu'on exploite tout le temps. Je sais que l'on utilise le sable pour la construction, je ne peux pas le nier. Mais ici le problème se rapporte aux conditions d'exploitation. Il y a déjà eu beaucoup de personnes qui ont perdu la vie dans cette mine.

AKTIVITE EKONOMIK

activité économique



Antèn. Sa se yon antèn Digicel. Li bay moun yo yon ti aktivite nan zòn nan.

Antenne. C'est une antenne de la Digicel. Elle crée des petites activités pour les gens.

Bòs tayè. Sa se yon bòs tayè nan la Vale di Repo. Se yon bòs tayè ki koud pou moun anpil lòt zòn. Epi, li lekòl pral louvri anpil paran toujou pote inifòm la'l koud. Sa rann nou fyè paske se yon zòn yo te imilye anpil, men kounye a gen anpil moun ki vin nan zòn nan.



Couturier. Ceci est un couturier de la Vallée du Repos qui confectionne des habits pour des clients de toutes parts. Et des parents lui demandent de coudre des uniformes avant la rentrée des classes. Ceci nous rend fiers parce que cette zone était un endroit très stigmatisé, mais maintenant beaucoup de gens viennent nous voir ici.



Min sab. Moun ki fouye sab la, li fè kòb. Moun ki fouye'l mete nan kamyon an fè kòb. Mèt sab la fè kòb. Mèt kamyon an fè kòb. E gen moun ki achte sab la pou li revann.

Mine de sable. Les gens qui fouillent le sable font de l'argent. Ceux qui le mettent dans des camions font de l'argent. Les propriétaires du sable et des camions font de l'argent. Et il y a les gens qui achètent le sable pour le revendre.



Pyelwa. Sa se antre Vale a, kaptaj la sou koté'l. Antre a toujou reprezante yon danje. Tout moun dwe byen veje li y'ap pase nan zòn nan. Apre nenpòt ti lapli ki tombe ou ka tande pyelwa sa tonbe.

Arbre. Ceci est l'entrée de la Vallée, le captage se trouve à côté. L'entrée représente un danger car les gens doivent être très prudents quand ils passent dans la zone. N'importe qui peut être victime d'un accident. Dès qu'il pleut les arbres risquent de s'écrouler au sol.



Pyelwa. Sa se yon lòt pyelwa ankò, pyelwa sa a se anvan ou fran COGEBSD a, se sou koté li pa anlè. Nenpòt li li ka tonbe tou mwen di ke sa tou se yon pwen negatif li ye.

Arbre. Il s'agit encore d'un autre arbre. On trouve ce dernier avant d'arriver au bureau du COGEBSD, c'est à côté du bureau, mais pas en haut. Lui aussi, il peut s'écrouler n'importe quand et je trouve que c'est encore quelque chose de négatif..

ANVIWONMAN

environnement



Mòn Lopital. Sa se youn gwo mi sèk. Avant te konn gen anpil tè ki te konn ale nan lanmè, glise desann nan Mòn Lopital, bay anpil pwoblèm. Mi sèk sa yo vin ede nou anpil nan tout Mòn Lopital la epi pwoteje Matisan. Nan ane ki pral vini la yo nou pral genyen plis pyebwa ki ap pouse nan tè ki rete fèm yo.

Morne l'Hôpital. Ceci est un grand mur sec. Avant, beaucoup de terre glissait du Morne l'Hôpital et descendait jusqu' à la mer et ça causait beaucoup de problèmes. Mais ce mur nous est très utile, nous autres qui vivons au Morne l'Hôpital. En plus, il protège aussi Martissant. Dans les prochaines années, beaucoup plus d'arbres vont pousser sur les sols qui sont restés fermes.



Kanal. Li nou genyen yon pak konsa, yon kote nou vle atire moun, epi nou gen yon kanal moun yo pa ka jere, sa vin rann pak la pa agreyab ankò pou moun ki ap vizite l'yo. Anplasan kanal la pa bon paske fatra yo desann dirèkteman nan pak la.

Canal. Lè sa a, un parc comme celui-ci, un endroit où on veut attirer des gens, et un canal que personne ne peut gérer, ça fait que le parc pourrait ne pas être agréable pour les visiteurs. Le positionnement du canal n'est pas bon parce que les déchets descendent directement à l'intérieur du parc.



Fatra. Sa se kote moun ki ap viv nan zòn nan vin jete fatra. Fatra yo bay vye lòdè alòs ke konn gen timoun ki vin jwe sou yo. Li pa bon pou moun viv nan kondisyon sa yo.

Déchets. Ceci est l'endroit où les gens des environs viennent jeter des ordures. Elles dégagent une mauvaise odeur et il y a des enfants qui ont l'habitude de jouer ici. Ce n'est pas bon pour les gens de vivre dans ces conditions.



Ravin. Se yon ravin kote moun yo jete anpil fatra, yon kote ki bò kay de twa moun. Sa se yon bagay negatif nan zòn nan paske yo pa ripoze jete fatra menm kote moun yo rete a.

Ravine. C'est une ravine où les gens jettent beaucoup d'ordures, tout près de plusieurs maisons. C'est quelque chose de négatif pour la zone parce qu'on n'en est pas supposé jeter des ordures tout près de là où vivent des gens.

ASÈNISMAN

assainissement



Kanal. Sa se sous Dekayèt, se youn nan bèl travay Gret fè yo. Se youn kanalizasyon ki desann nan Vale a epi ki vinn soté nan Beny. Se youn bèl travay paske avan sa, lè dlo a te konn desann li te konn vin anvasi nou.

Canal. Cet endroit se trouve à Décalette, c'est l'un des beaux travaux du GRET. C'est une canalisation dans la Vallée du Repos jusqu'à Baigne. C'est un bon travail parce qu'autrefois, lorsqu'il y avait beaucoup de pluie, l'eau débordait et finissait par envahir les maisons.



Fatra. Avant, yo te konn jete fatra la, anpil timoun te konn pase la. Men lè yo vin fè sa la, li vin youn soulajman pou moun yo. Yo pa jete fatra la ankò.

Déchets. Avant on jetait les ordures par ici alors que des enfants avaient l'habitude de passer ici. Mais maintenant, cet aménagement nous soulage parce que les gens ne jettent plus d'ordures ici.



Fatra. Sa se wout la yo fin fè. Chak kote w pase w'ap jwenn ti poubèl sa yo. Men yo konn vòlè yo tou. Chans pou nou, chak lè yo vòlè yo nou toujou jwenn yo. Nou pran yo, nou repare yo poun resoude yo ankò. Li kenbe zòn nan pwòsoudans. Grâce à cela, la zone peut être propre.

Déchets. Cela c'est une route qu'on a fini de construire. Vous trouverez cette petite poubelle partout où vous allez dans la zone. Mais certaines personnes souvent les volent. Heureusement nous finissons toujours par les retrouver. Alors nous les prenons, nous les réparons et nous les resoudons. Grâce à cela, la zone peut être propre.

personnes souvent les volent. Heureusement nous finissons toujours par les retrouver. Alors nous les prenons, nous les réparons et nous les resoudons. Grâce à cela, la zone peut être propre.



Pon. Ti espas pon an se kote pou timoun yo pase, granmoun, tout pasan nèt. Lè timoun yo ap sòti lekòl yo ka tonbe nan ravin nan.

Pon. Ce petit pont représente l'endroit de passage pour les enfants, les personnes âgées et tous les piétons. Lorsque les enfants sortent de l'école, ils peuvent tomber dans la ravine.

Twou. Kote sa twou nan lari yo pa bouche. Kidonk li reprezante yon risk pou tout pasan yo. Epi tou, machin ki'ap vin pase la yo sanzatan kapab tonbe nan twou a. Gen moun ki ka tonbe nan twou lè lapli ap tonbe.

Égout. Les trous d'égouts n'ont pas de couverture. Ils représentent un risque pour les piétons. Cela peut causer des accidents de voiture. Quand il pleut les gens peuvent tomber à l'intérieur de ces trous.



Wout. Foto sa se yon ma dlo ki toujou sou lari sa a ki nan Beny. Lè timoun pral lekòl, moun toujou ap sal yo. Moun ki pral nan tout aktivite yo, machin voye dlo sou yo. Yo ta dwe fè kote ki braye nan wout la pou kanalize dlo a.

Route. Il y a toujours de l'eau stagnante dans cette rue de Baigne. Lorsque les enfants vont à l'école, ils se salissent leur uniforme. Les voitures qui circulent dans la rue salissent les gens qui vaquent à leurs occupations. On devrait penser à canaliser l'eau qui coule.

DEPLASMAN

mobilité

Chimen pyeton. Sa se lèw fin monte anwo a. La a, tout wout sa yo se yon ekip tè yo te ye. Yo te vremen glise.

Men kounye a sa vin fè granmoun yo, timoun yo, fanm ansent yo pa gen difikilte ankò lè y'ap desann.

Chemin piétonnier. On arrive ici après avoir fini de monter. Et là, toutes ces routes n'avaient que de la terre battue, elles étaient très glissantes. Mais maintenant les personnes âgées, les enfants et les femmes enceintes peuvent descendre sans difficulté.



Sekirite. Yo monte yon mi, yo bare lari a, paske lontan moun te konn ap pase, rale jèn fi anba rak pou ale fè kadejak sou yo. Men yo mete mi a pou sekirize pak la epi gen ajan sekirite k'ap voye je tou.

Sécurité. On a construit un mur parce que certains passants avaient l'habitude d'enlever des jeunes filles dans le parc pour aller les violer. Mais on a trouvé un moyen de sécuriser le parc et en plus il y a des agents qui veillent à la sécurité des gens.



Wout. Wout sa vin fèt, li laj. Li pèmèt moun ak machin sikile fi byen ke anvan.

Route. Cette route, on l'a construite récemment, et elle est large. Elle permet aux gens et aux voitures de mieux circuler qu'avant.





Dlo pa tèt. Sa se yon kote ki rele lasours, li nan zòn anba Dekayèt ak anwo Delwi. Kote sa gen yon aspè negatif pa rapò a jan moun yo pran dlo, dlo yo pran an se yon dlo ki sòti anba tè, li pa kapte. Pa gen okenn travay ki fèt pou rezoud sa.

Eau non potable. Cet endroit c'est la source au bas de Décalette et en haut de Deslouis. Il y a un aspect négatif par rapport à la façon dont les gens prennent de l'eau, c'est de l'eau qui sort de la terre, elle n'est pas captée. Il n'y a pas de travaux qui sont faits pour résoudre cette question.

Sous. Sa se nan Beny, sou tèt sous Lehlè. Nou kapab konstate ki kantite fatra ki genyen nan tèt sous sa. Nan sans sa, gen posibilite pou ke dlo moun yo ap pran an polye.

Source. Ça c'est à Baigne, au-dessus de la source de Leclerc.

On peut constater la quantité de déchets qu'il y a. Dans ce sens, il est probable que l'eau que les gens prennent soit polluée.



DLO

eau



Sous. Sa se kaptaj sous lekli, se yon reyalyizasyon Gret ki pèmèt moun yo jwenn dlo potab kounye a, non sèlman yo kapte dlo a men anplis yo tou trete li.

Source. Le captage de la source Leclerc est une réalisation du Gret qui permet aujourd'hui aux gens de trouver de l'eau potable. L'eau est non seulement captée, mais aussi traitée.



Dlo trete. Sa se espas COGEBSD. Avan, pa te gen dlo la. Epi Gret vini ak yon pwòjè, li tou fouse kesyon dlo sa a nan pwòjè a. Li vin trè bèl paske se yon biwo... w'ap wè kiòlè sa yo ? Se nèg sa yo ki met ansanm, se nèg sa yo ki'ap militè pou mete zòn nan pwòp konsa. Dlo yo bay nou kounye a se yon dlo potab.

Eau potable. Voilà l'espace du COGEBSD. Au début, il n'y avait pas d'eau par ici. Et puis le Gret est venu avec un projet et il a ajouté la question de l'accès à l'eau dans le projet. C'est devenu très beau parce que c'est un bureau... Vous voyez ces collègues? Ce sont des gens qui se sont unis et qui militent pour que la zone soit propre, et maintenant l'eau qu'on nous donne est de l'eau potable.

Dlo trete. Se nan blòk Beny. Dlo sa a se yon dlo ki t'ap koule atè, moun yo te konn pran li sou fatra. Men Gret te vini ak yon pwòjè. Li fè yon byès kote yo trete dlo sa a kounye a.

Eau potable. Ça se trouve à Baigne. Avant cette eau coulait par terre, les gens la recueillaient sur des ordures. Mais le Gret est venu avec un projet. Il a construit un kiosque et maintenant cette eau est traitée.



Lekol. Batiman sa se egzakteman Matisan 17. Men si w'ap gade sa ki sou tèt li a w'ap wè ke se youn lekòl. Se sa'k lekòl Frè Wòk la. Se youn lekòl ke 12 janvye kite ak anpil fisi. Epi w'ap gade w'ap wè ke sou tèt li gen youn gwo antèn Digicel. Youn antèn! Y'ap remanaje batiman an. Tandiske gen youn antèn ak tout van ki'ap pase sou tèt li, yo pa t' dwe fè sa konsa. École. Ce bâtiment se trouve exactement à Martissant 17. Il y a une école au dessus. Il s'agit de chez Frère Roc. Le bâtiment de cette école a été endommagé par le tremblement de terre du 12 janvier 2010. Et vous pouvez voir qu'il y a une grosse antenne de Digicel dessus. Une antenne! On est en train de remanier le bâtiment. Alors qu'il y a une antenne dessus et du coup, beaucoup de vent qui souffle, ce n'est pas une bonne façon de faire.

EDIKASYON

éducation



Lise. Sa se lise Jak Roumen. Se sèl lise ki gen nan zòn nan. Li te kreye nan yon kontèks patikilye, aprè revandikasyon kont yon lidè ki te vin tonbe. Yo te konstwi lise a pou yo te kapab kalme moun yo.

Lycée. Ça c'est le Lycée de Jacques Roumain. Il a été créé dans un contexte très particulier, c'est après les revendications contre un leader

de la zone qui a été abattu. Elle a été construite pour calmer la tension chez les gens.



Lekol. Sa se yon lekòl ki nan tèt Tibwa. Lekòl sa a gen twa zan depi l'ap fonksyone e li pa janm pa voye timoun nan egzamen. Nou konn rive ane nou pa peye men li pa gen pwoblèm avèk nou. Nou toujou voye timoun yo lekòl.

École. Ceci est une école qui se trouve en haut de Tibois. Elle fonctionne depuis près de trois

ans et il n'y a pas une année pendant laquelle elle n'a pas envoyé d'élève passer les examens officiels. Cela nous est déjà arrivé de passer près d'une année sans pouvoir payer et l'école ne nous met jamais la pression. Les enfants y vont sans problème.

Limyè. Mwen te pran foto sa a nan ri Lapè men se yon foto, se la nou branche kontè. Lè gen kouran la bèl, men lè pa gen kouran li fènwa anpil, moun pa ka mache nan zòn nan.

Éclairage. J'ai pris cette photo à la rue Lapaix et il s'agit d'un poteau électrique. C'est là que nous

branchons nos compteurs. C'est une zone très agréable quand il y a de l'électricité. Mais quand il n'y en a pas, l'obscurité est effrayante, les gens ne peuvent pas circuler dans la zone.



Espas sal. Zòn sa a se nan Beny, nan Takwèt 1, men se egzaktman devan biwo yon ONG yo rele AVSI. Menm ONG a pa ka ouvri pòt li paske machin sa yo se de machin abandone e moun jete fatra anba yo, bò lari a. M'panse ke deske yo mete machin yo la Meri ta dwe rale yo.


Espace sale. Il s'agit d'une zone qui se trouve à Baigne, à Takwèt

1, mais c'est exactement devant le bureau d'une ONG qui s'appelle AVSI. L'ONG ne peut même pas ouvrir ses portes parce que ces voitures sont en fait des voitures abandonnées et les gens y jettent des ordures au dessous. Je pense que la Mairie devrait remorquer ces voitures.



ESPAS PIBLIK

espace public



Limyè. Limyè sa gen 8 mwa depi li nan Tilwa. Se anba'l jèn yo etidye menm lè la pa janm gen lan oswa chèz pou yo ta chita. Si w ta rantre nan zòn sa a wè onzè, minwi, ou t'ap wè jèn yo kanpe sou de pye yo, apiye nan limyè a, pou yo etidye.

Éclairage. Ce lampadaire existe à Tilwa depuis près de huit mois. C'est sous ce lampadaire que les jeunes de la zone viennent étudier, même s'ils n'ont aucun endroit où s'asseoir, aucun banc, aucune chaise. Si vous passiez dans la zone vers 23h ou vers minuit vous les verriez debout pendant tout le temps qu'ils passent à étudier.

Espas pwop. Se yon benn. Se pi bèl reyalyizasyon ki fèt nan blòk la nan sans ke kafou Beny la te konn plen fatra. La vin bèl koulye a. Nou vin fè chanpyona ladan'l paske gen lòt espas koulye a pou moun yo jete fatra.

Espace propre. C'est une benne. C'est la plus belle réalisation dans le bloc parce qu'auparavant le carrefour de Baigne était rempli d'immondices.

Maintenant le carrefour est très beau. Nous pouvons réaliser des championnats parce qu'on a un autre espace aujourd'hui pour jeter les déchets.



Plas. Sa se yon kote timoun ka vin jwe, granmoun ka chita, elatriye. Se yon kote granmoun ka vin fè yon ti chita, pale avèk zanmi.

Place. C'est une place où les enfants peuvent venir jouer, les adultes peuvent s'asseoir, etc. C'est un endroit où les gens peuvent s'asseoir et parler avec les amis.



Temp religye. La gen yon gwo legliz ke yo konstri e konstriksyon an tou deja mal fèt. Nou di sa se yon bagay negatif paske lè w tande w'ap konstri yon seri de gwo bilding konsa san okenn etid... Sitou kounye a nou nan yon moman kote tranbleman tè a toujou ap bay moun pwoblèm an Ayiti.

Temple religieuse. Là c'est une grosse église qui est en train d'être construite, et la construction est déjà mal faite. Nous trouvons que c'est quelque chose de négatif parce que les gens ne devraient pas construire de tels bâtiments sans faire des études préalables... Surtout que des tremblements de terre menacent de frapper Haïti à tout moment.

KILTI AK ERITAJ

culture et patrimoine



Tamp relijye. Sa se yon peristil. Nou konnen ke nou genyen sa nan kilti nou. Lontan lè nou te bezwen fè maji se andeyò, nan pwovens, ke nou te oblije ale. Men kounye a nou genyen la, nan kafou Beny la. La se yon resous pou nou.

Temple relijyeux. Ceci est un péristyle. Nous savons que ce genre de choses fait partie de notre culture.

Avant, pour faire de la magie, nous étions obligés d'aller en province, à la campagne. Mais maintenant nous avons ce péristyle, au carrefour de Baïgne. C'est une ressource pour nous.



Pak Matisan. Sa se anndan pak la. Yo mete anpil plant ladan e plant sa yo se plant gerisè yo ye.

Parc de Martissant. Ici, c'est l'intérieur du parc. On y a mis beaucoup de plantes et ces dernières sont des plantes guérisseuses.



Kilti. Medyatèk sa pral pèmèt tout jèn nan Matisan konnen valè liv genyen. Medyatèk sa ap pèmèt nou gen plis kontak ak lòt epòk, kilti yo e sa kapab débouché sou yon bagay, yon jou jèn ki nan Matisan ap ka ekri pwòp liv pa yo.

Culture. Ceci est la médiathèque qui se trouve dans un des espaces de Fokal. Cette médiathèque va permettre aux jeunes de Martissant

d'apprécier la valeur des livres. Ça va permettre d'avoir plus de contacts avec d'autres cultures, sur d'autres époques, et tout ceci peut déboucher sur un jour où les jeunes de Martissant pourront peut-être écrire leurs propres livres.



Teren espò. Sa se nan teren foutbòl la, foto pilòn sa yo w'ap gade a se nan konpayi EDH la yo ye. Anlè a fèt ak fil sive, lè youn boul frappe nan ti fil sa yo, nou santi ke li ka al' frappe nan gwo foto pilòn yo. Si youn boul ta frappe ladan yo, nou panse ke sa ta kapab bay dife.

Terrain de sport. Cette photo a été prise au terrain de football. Les pylones que vous êtes en train de regarder se trouvent dans la compagnie EDH. Le haut a été fait avec des câbles cirés, quand un ballon frappe ces petits câbles nous craignons beaucoup qu'il ne frappe ces gros pylones. Nous pensons qu'il pourrait y avoir un incendie si un ballon frappait l'un d'entre eux.

LWAZI

loisir



Klèb danse. Se yon klèb li ye kote chak week-end gen moun ki soti nan lòt zòn pou vini ladan'l. Nou kontan paske zòn nou vin gen moun kap vini fi souvan ladan'l paske lontan lè yon machin te konn ap pase se te avèk anpil vitès.

Club dansant. Il s'agit d'un club et chaque week-end, des gens sortent de toutes parts pour aller dedans. Nous en sommes très contents, parce que maintenant des gens de toutes parts viennent souvent dans notre zone, alors qu'autrefois les voitures passaient dans la zone avec beaucoup de hâte.



Restoran Kominotè. Sa se yon restoran devlopman pou pèp. Sa se yon kay yo anfème pou yo bay yon kantin popilè. Se yon bèl devlopman, yon bèl ansèyman pou zòn nan. Lè w fède tout moun li'ap antre anndan restoran an!

Restaurant communautaire. Ceci est un restaurant de développement pour le peuple. Ceci est une maison qu'on a louée pour installer une cantine populaire. C'est un beau progrès, un bel exemple pour la zone. Surtout quand on remarque qu'il y a beaucoup de gens qui vont y manger!




Teran espò. Se imaj yon teren nan Krepsak. Se youn nan bèl reyalizasyon ki te fèt. Se yon espas pou jwe, yon espas ki vrèman sekirize. Se yon pwòjè Gret ak jèn ANKAP yo. Se yon teren basketbòl e yo itilize'l pou jwe foutbòl tou.

Terrain de sport. C'est l'image d'un terrain dans la zone de Crepsac. C'est l'une des belles réalisations qui a été faite, c'est un espace de jeu qui est vraiment

sécurisé, c'est un projet du Gret et des jeunes d'ANKAP, c'est un terrain de basket-ball et on l'utilise aussi pour jouer au football.

KI KOTE FOTO NEGATIF YO YE ?



● Aktivite ekonomik

● Edikasyon

● Arènisman

● Alita

● Kilti ak Eritaj

● Anviwonman


● Dlo

● Iwazi

● Espas piblik

● Deplasman

KI KOTE FOTO POSITIF YO YE ?



● Aktivite ekonomik

● Edikasyon

● Arènisman

● Alita

● Kilti ak Eritaj

● Aniwonman

● Dlo

● Lwazi

● Espas piblik

● Deplasman

REALISASYON

réalisation

SPORA

Spora Sinergies

www.spora.ws

Kontak : info@spora.ws

SITWAYEN ÈTNOGRAF

citoyens ethnographes

Sony Bazile

Cassandra Cangé

Fennton Claveus

Moïse Edmorin

Natacha Estorcien

Jeanne Eugène

Louis Point du Jour

Tamare Fontus

Blanca Jovelia

Ronald Lessage

Joinis Mathurin

Julnes Mirabel

Juline Octave

Yves Sainprice

Zanie Victor

RESPONSAB TEREIN

responsables de terrain

Junior Honoré

Dana Jean-Pierre

Belony Elson Guirand

DIREKSYON PWOJÈ A

direction de projet

Ricard Faure

DIREKSYON ATISTIK

Direction artistique

Miquel Garcia

www.miquelgarcia.net

KOWÒDINASYON PWOJÈ A

coordination de projet

Miriam Sol

KONSEY METODOLOJIK

conseil méthodologique

Yves Cabanne

KOREKSYON & TRADIKSYON

correction et traduction

Faradjine Alfred

MÈT OUVRAJ LA

maître d'ouvrage

GRET

Professionnels du Développement Solidaire

FINANSMAN

financement

BON

*Bureau de l'Ordonnateur National du
Fonds Européen de Développement en Haïti*

AFD

Agence Française de Développement

REMÈSIMAN

remerciements

Non remèsye sitwayen yo nan Matisan pou pàtisipasyon yo ak antouyazm pou pataje rezà etnografik yo nan katye a.

Non vle di mèsi tou pou kolaborasyon payo a Roddy Edmorin, Jean Wolson Denisé ak François Sylvaïnce, moun Matisan e reprezantan nan òganizasyon kominotè nan zòn nan, pou fasilite pwojè sa a realize.

Finalman, nou di mèsi pou kolaborasyon a nan ekip Gret la, ki gen ladann Estelle Grandidier ak Jean Sainlaud César, ori byen ke kolaborasyon a nan Fondasyon Konesans ak Libète – FOKAL, pou gwo sipò yo nan pwojè sa a.

Nous remercions les citoyens et citoyennes du quartier de Martissant pour leur participation et leur enthousiasme à partager leur regard ethnographique du quartier.

Nous voulons remercier aussi pour leur collaboration Roddy Edmorin, Jean Wolson Denisé et François Sylvaïnce, habitants de Martissant et représentants des organisations communautaires de base du quartier, pour faciliter ce projet.

Enfin, nous remercions la collaboration de l'équipe du Gret, notamment d'Estelle Grandidier et Jean Sainlaud César, ainsi que la collaboration de la Fondation Connaissance et Liberté – FOKAL, pour leur grand soutien dans ce projet.

SIPÒ FINANSYE

soutien financier





SPORA